Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 7 (7456)
11 февраль
2021 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА **«САДОВОД»**

Нилъер цIар рагIарал умумал

## Имам Шамиль хун I50 сон



4 февралалда I50 сон тIубана кIудияв инсан, цевехъан, рагъухъан, шайих, гIалимчи, гIакъилав политик, нилъер ракьцояв имам Шамиль Аллагьасул къадаралде щвараладса.

Имам Шамиль хIакъикъаталдаги вукIана цIар рагIарав инсанлъун. Гьесда бажарана рикь-рикьарал мугIрузул халкъал цолъизарун, гьел чияда бай гьечIолъи цIунун рагъизе рахъинаризе. Имам Шамиль нилъее лъугьана миллияв бахIарчилъун, гIакъилав цевехъанлъун кIудияв полководецлъун, мисал босизе мустахIикъавлъун.

Имам Шамилил тарихалъ цоги нухалъ пикру гьабизе тIамула киданиги кватIун букIунарин жидерго пикру битIараб нухде бачине, кигIан къуватав вугониги дандиясулгун гIаммаб мацI батизе.

ГIемерал саназ пачаясул аскаразде данде вагъулев вукIарав имамас ахиралдаги бищана битIараб, ракълилаб нух ва киналго хадусел наслаби ахIана Россиягун ракълида рукIине.

ГIаммаб ракIалде щвейлъун, тарихияб къисмат, талихIаб букIинеселде хьул гьабиялъул символлъун лъугьана нилъер ракьалда бараб «АхIулгохI» комплекс.

Нилъеда тIадаб буго нилъерго тарих лъазабизе, гьелъул къимат гьабизе ва хадусел гIелазухъе къезе. Лъазе ккола нилъерго тарихиял бахIарзал, рукIине ккола гьезул мустахIикъал ирсилаллъун.

**ГI. НУРМУХIАМАДОВ.**
**«Унсоколо район» МОялъул бетIер**

## РацIцIалъи гьабиялъул мурадалда



Дагьал церегIан къоязда нилъер республикаялъул тахшагьар МахIачхъалаялда санитарияб рацIцIалъи гьабиялъул суалгун цере рахъана районалъул вакилзаби.

Цадахъаб къуваталдалъун кIиго къоялъ гьениса къватIибе баччана гIемераб мусор. Нилъер районалдаса шагьаралъулазе кумекалъе ун рукIана анцI-анцI гIадамал. Акциялда гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас ва Халкъияб Собраниялъул депутат М. МухIамадовасги. РацIцIалъи гьабулеб бакIалда чIезабун букIана кинабго къваригIунеб техника ва транспорт.

Унсоколо районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул гьединаб субботник тIобитIиялъул суалалъул рахъ ккуна тIубараб ДагъистаналъГо. МахIачхъалаялъул мэр Салман Дадаевасул рагIабазда рекъон, шагьар тIубанго бацIцIад гьабизе буго кIиго анкьил болжалалда.

«Тахшагьаралда цIар лъун буго нилъер цIар рагIарав ракьцояв М. Дахадаевасул, гьединлъидал нижее кIвар буго шагьаралда бугеб санитарияб ахIвал-хIалалъул. Гьебги бихьулаго нижеда кIвечIо цо рахъалда чIезе,бихьана МахIачхъалаялда бугеб захIматаб ахIвал-хIал, дандчIвалел захIмалъаби, пикру гьабуна кинабго мусор баччун бажаричIониги дагьабниги кумек гьабизе»,-ян абуна жиндирго кIалъаялда ГI. МухIамадовичас.

Гьединго бетIерас баркала кьуна гьеб ишалъул гIахьалъаразе.

## Комплексалдаса разиго хутIана

Дагьал церегIан къоязда «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов Халкъияб Собраниялъул депутат М. МухIамадовгун щвана Шамильхъала поселокалда бугеб сахлъи цIуниялъул комплексалде. РакIалде щвезабилин, гьеб комплекс бана «Единая Россия» партиялъул «Детский спорт» программаялъул проекталда рекъон. Гьебго программаялда рекъон республикаялда ралел руго жеги I10 спортплощадка, ремот гьабун къачIалел руго I0 спортзал.

ГI. МухIамадовичас ва М. ГIабдулмажидовичас хал гьабуна комплексалъул, гьениб бугеб инвентаралъул, гьабураб хIалтIул щвалде щвеялъул. Хал гьабиялъул хIасилалда гьабураб хIалтIуе кьуна тIадегIанаб къимат.

Поселокалда гIумро гьабулел кутакалда разиго руго комплексалдаса ва гьез кIудияб баркала кьолеб буго гьеб хIалтIухъ.

## РакI-ракIалъ баркула!



Гьал къоязда МахIачхъала шагьаралда РДялъул руччабазул Цолъиялъул председатель Интизар Мамутаевалъ Унсоколо районалъул руччабазул цолъиялъул председательлъун тасдикъ гьабуна, жамгIияй хIаракатчIужу, Хадиджа.

Хадиджа гьединго кола РДялъул гIолилазул парламенталъул депутатлъун, Дагъистаналъул «Мир женщин» общественнияб гIуцIиялъул правлениялъул председательлъунги. Гьелъул творческияб хIаракатчилъи бокьана цохIо нилъер районалъе гуребги тIубараб Дагъистаналъего.

РакI-ракIалъ баркула Дуда, Мун районалда бугеб «Руччабазул Цолъи» гIуцIиялъул председательлъун тIами. Гьарула, Дуе, щулияб сахлъи, талихI, рухIияб къуват, гьабулеб ишалъулъ цIи-цIияй бергьенлъаби!

**ГI. НУРМУХIАМАДОВ,**
**«Унсоколо район» МОялъул бетIер.**
**Районалъул администрациялъул коллектив.**
**Районалъул Собраниялъул депутатазул коллектив.**
**ЖамгIияб палата.**

Исана риидал I82 сон тIубала Кавказалъул рагъазул бищунго кIудияб, гIассияв тущманасе бищунго цIикIкIараб ками ккараб АхIулгохIда рагъ ккаралдаса. «АсхIабзаби гъурараб Бадру УхIудалдацин, АхIулгохIда гIадинаб хIалуцараб рагъ ккечIо»,-ян хъван буго цо халкъияб биценазулъ. Гъединаб кIудияб, гIемерав чи гъорлъ гIахьаллъараб рагъ байбихьана I839 соналъул июнь моцIалъул авалалда АхIулгохIда.

Имам Шамиль хвараллдаса 150 сон тIубаялде

# АхIулгохI - нилъер бухIи ва чIухIи

Щиб хIадурлъиха букIараб мюридзабазул гьеб рагъда цебе. ГьабсагIаталда ГIашилтIа росулъ кIиго бакIалда буго жинда жаниб тункIил хер хIадур гьабулеб букIараб кIиго хъахIаб гамачI. Рагъ байбихьилалда цебе гьединал ганчIал рукIана КавутIа хуриб, ТIаса авалалда, Маччалъ, Мирза хуралда аскIоб. Гьел бакIазда хIадурун букIана гIезегIангокъадар тIункIилхарил. Жибго АхIулгохIда бан букIана кIудияб мажгит. Мажгиталда сверун рукIана гIисинал рукъзал, гьелда жанисан гурони жанире нух гьечIел. Мажгиталъуб какал рай гуребги, тIобитIулаан гIалимзабазул данделъи. Гьениб букIана имамасул казна, диван-советги, судги, къокъ гьабун абуни, имамасул штаб. АхIулгохI цIунулезул аслияб щулалъилъун букIана жанисан хьвадизе бегьулел, тIад тIокъарал хандакъал (окопал). Гьел рукIана Щулалъул гохIдехун бугеб кIалтIуялдасан байбихьун, КIудияб мажгиталде щвезегIан ва цолъизарун рукIана киналго щулалъабигун. ГIещдерил кинабго жамагIат гочинабун букIана Басрияб АхIулгохIде, гIещдерица гьелда Нух гьечIеб гохIилан абула. Гьеб гохIда букIана рагъуе къваригIарабщинабги, къокъго абуни – тыл. АхIулгохIги Нух гьечIеб гохIги цолъизабун букIана кварил кьоялъ. АхIулгохIда сверун ругел рорхалъабазда лъун рукIана имамасул постал. Росулъан рачIунаго тIоцебе батула «ГIарада кьвагьулеб гохI». Гьеб букIана АхIулгохIде ва Нух гьечIеб гохIдехун унеб нух цIунулеб пост. Рагъул байбихьудаго цIикIкIараб къуваталде данде рагъулаго гьениса мюридзаби нахъе къазе ккола. Хадуб тушманас гьеб гохIда гIарадаби лъола ва гьенисан кIиябго гохIде кьвагьдола. ГохI цIуниялъе бищунго кIвар бугеблъун букIуна АхIулгохIде тIаде къуларабгьелдаса гIезегIанго борхатаб «Щулалъул гохI».
ГохIил тIогьиб букIана кIитIалаяб си,тарихалда жаниб гьелда «Сурхаева башня»,-ян абула. ГохI цIунун букIана мюридзабазул кIудияб къукъаялъ. Цо-цо тIахьазда, баяназда гьенив чанго нусго чи вукIанилан хвалеб буго, амма гIемерал халкъиял кучIдузулъги цоги-цоги баяналъги гьенив щунусго мюрид вукIанин буго. Мюридзабазе бетIерлъи гьабулеб букIун буго Колоса Сурхайицаги ГIашилтIаса ГIамирханил (Сурхайил) Малачицаги.
Биценазда рекъон Шамил имамасул аскаразул къадар бахунаан гIага-шагарго I700-2000 чиясде. Гьединго гохIда букIана гIещдерил тIолабго жамагIатги. Т1адехун рехсарал баяназе хIужа гьабула гьал халкъиял кочIол мухъаз:

**Рагъул къуват дагьлъидал, росаби чучун ккедал,**
**Чара хварав имамас ГIашилтIе нух бахъана.**
**Рагъул таваккал бугеб гъазаваталъул агьлу,**
**ГIещдерил жамагIатгун гIакълу дандбазе ана.**
**ХIалбихьарал мюридал, цебехъанаб жамагIат,**
**Имамасул вагIзаялъ асир гьарун рукIана.**
**АхIулгохI щула ккелин, Шамил имам кIалъана**
**Щулалъул гохIда чIелин, Малачиги вахъана.**
**КIиябго гохI цIунизе мюридзаби рикьана,**
**Малачил къапилалъул щунусгогIан чи гIуна,**
**Шамилил мюридзаби азарилъан рукIана.**
**ЧIужу-лъималгун херал, Нух гьечIеб гохIде ана.**

Пачаясул аскаразул гьенив I0-I3 азарго чи вукIана байбихьуда, рагъ лъугIизегIан гьенир гIахьаллъарал тушбабазул къадар 30-33 азарго чиясде бахунин аби буго. Баяназда рекъон, АхIулгохIда рагъ байбихьула I2 июналда (I839 с.). Цин АхIулгохI бахъилалде, пачаясул аскараз бахъизе кколаан «Щулалъул гохI». Гьединлъидал тушманас тIоцебе гьужум гьабуна Щулалъул гохIалде. Цо чанго къоялъ, чанго нухъалъ цIикIкIараб къуваталдалъун гьужумал гьаруниги, пачаясул аскаразда гьелда квер базе кIоларо. Щулалъул гохIда бугеб хъала (си) цIунараб къукъаялъе бетIерлъи гьабулеб букIана ГIашилтIаса Малачица.
Гьужумазул хIасил кколеб гьечIолъи ва жидерго чIагоял къуватазе кколеб зарал букIин бихьидал, полковник Пуллоца (пачаясул аскаразул бетIер) I8 июналда буюрухъ кьола хъалаялде гIарада базе, амма гьелъулги хIасил кколаро. ТIадеги гIарадабиги цIикIкIинарун, 29 июналъ чанго сагIаталъ гьоркьоса къотIичIого гIарадаги бан, живго полковник Пуллол бетIерлъиялда гьабураб гьужумалъги хIасил кьоларо. Гьеб къоялъ тушманасеги цIикIкIараб зарал ккола: чIвала Моздокалъул полкалъул командир Власов, штабс-капитан Гену ва цогидалги. Гьел хIалуцарал къояз полковник Пуллоца пачаясухъе хъвараб рапорталъул магIна халкъалъ гьадин ахIула:



**Огь, Шамилил гIадатлъи,**
**ГIадлуялъул ритIухълъи,**
**Бодулъ мюридзабазул**
**Имамасе ритIухълъи!**
**АхIулгохIил гьитIинлъи,**
**Доб къавмалъул щулалъи**
**Лъимер бачун чIужуцин**
**ЧIола гуллида цере.**

Щуабилеб июлалда Кабардинаялъул, Апшероналъул ва Кюриялъул полказул тIаса бищараб кIудияб къукъа гьужумалъ уна Щулалъул гохтIе. Цин цебетIубараб къоялъ анцIгогIанисеб гIарада кьвагьула. ТIубараб къоялъ гIарада баялъ цIикIкIараб за- рал ккана хъала цIунулезе. Лъукъарав Малачигун гьезул нахъе хутIула анкьгояв. Цинги Малачица Шамилихъе чи витIула кумекилан. Шамилидасан кумек щоларо, гьес Малачида лъазабула ахиралде щвезегIан щулалъи цIунейилан.
Малачица цадахъ рукIарал АхIулгохIде ритIула ва живго хъалаялъув хутIула. Гьеб къоялъул къасиялдехун рагъул хIасил цIехезе Шамилица витIула ГIашилтIаса КаримухIамадгIали. Гьесда дандчIвала хъала цIунун рукIаразул нахъе хутIарал, захIматго лъукъаразул гьитIинаб къукъа. Гьез бицуна живго Малачи цIа рекIун вухIулев танин, жалги гьес Шамилихъе АхIулгохIде ритIанилан.
25 къоялъ гьитIинабго мюридзабазул къокъаялъ дандечIей гьабуна ва цIикIкIарал камиял ккезаруна анцI-анцI нухалъ жидедаса цIикIкIараб къуват бугел тушманасе. Щулалъул гохI бахъун хадуб пачаясул аскаразул рохалие гIорхъи букIинчIо. Гьале Щулалъул гохIалъул ахирияль сагIтазул гьитIинабго халкъияб бицен:

**Живго Малачи вуго**
**ГохIил ганчIида нахъа,**
**Бахъун кодоб хвалченгун**
**Гъазаваталъе къачIан.**
**ХIадурго вуго гъалбацI**
**Щибго нахъе къачIого,**
**БацIцIадаб гъазаватгун**
**ГохIда шагьидлъун хвезе.**
**Цинги капурзабазул**
**Кутакаб рохел буго**
**Квер базе кIолареб гохI**
**Щванин кодобе,-абун.**
**ГохIил тIогьиб гIуж базе**
**ГIедегIулел руго ал,**
**Гьениб гъарайдуй чIараб**
**ГъалбацIги лъаларого.**
**ТIоцере тIаде щварал**
**Лъабго мунапикъасул,**
**Горболъ бараб хвалчаца**
**БутIрул ракьде рортана.**
**Хадуб тIаде кIанцIарал**
**Щугоясда ругъун лъун,**
**Гьезул цо имансирас**
**Малачида цIа лъуна.**
**Кислел тIаде щварабго**
**ЦIа гьалаглъун рекIана,**
**ЦIадул хIал бергьинегIан**
**Хвалчен асги чIун течIо.**
**ЦIаялъ вухIун хвезегIан**
**Хвалчадул гIоркь биччачIев,**
**Алжаналъул тахида**
**Таги лачен, Малачи!**

Щулалъул гохI бахъун хадуб пачаясул аскараз кинабго къуват буссинабуна АхIулгохIалде. Гьебго заманалда тушманасе кумекги щола: полковник Врангель ва гьесул кIудияб аскар бачIуна, амма Шамилие кумек щоларо. Кисанго нухал къан рукIуна пачаялъулаз. Щулалъул гохI бахъун хадубги, 55 къоялъхалат бахъана АхIулгохIда рагъ.
ЦIикIкIарал камиял кколел рукIана пачаясул аскаразе, амма камизахъ балагьичIого гьел цере унел рукIана. Биценазда руго цо къоялъ пачаясе щуазарго рагъухъан камунилан, камиял кколел рукIана гохI цIунаразеги. Гьеб гуребги цIакъго захIмалъи букIана кванил, лъел рахъалъги. Амма АхIулгохI цIунулел къуркьулел рукIинчIо. Гьезие мисаллъун вукIана имам Шамил. Къарахъа МухIамадтIагьирица хъвалеб буго: «ахирияб заманалда сверун ккуразул захIматаб хIал букIана. ГIурусаз лъабго къоялъ тIатIала гIарада бана, сиял рихххизарун рукIана. Рукъзал хIурде руссинарун рукIана. Квен, макьу, лъим, хIухьбахъи гьечIолъиялъ, хIалуцарал рагъул гIумроялъул гIазабалда ругезул цIикIкIарисеб бутIаялъ жидерго гIумро цIунулеб букIинчIо. Гьелъул къимат, магIна тIагIун букIана, хвалихъ, анищав гьоболасухъ гIадин, балагьун рукIана. Шамил гьезда гьоркьов батIияв вукIинчIо. Гьев ургъулев, хIалтIулев, лъугьунеб бугелъул кIудияб асаралда гъоркь вукIана, киназдасаго сваканги вукIана. Жиндиего ва жиндиразего гIоло гурев, гIаммаб ишалъе гIоло»,-ян.

**(Ахир 4 гъумералда)**

СОБЛЮДАЙТЕ ПРАВИЛА ПОЖАРНОЙ БЕЗОПАСНОСТИ!

Утверждаю
Глава муниципального образования
«Унцукульский район»
_______________ И.Нурмагомедов
«30» сентября 2020г.

# Общий список кандидатов в присяжные заседатели для обеспечения деятельности Верховного суда Республики Дагестан по Унцукульскому району на 2018-2021 г.

Абасов Джамал Магомедович
Абдулаев Магомед Сайгидович
Абдулаев Сайгид Магомедрасулович
Абдулаев Магомед Абдулаевич
Абдулаева Патимат Абдулаевна
Абдулмеджидов Ахмед Чупалаевич
Абдулхакимов Абдулхаким Магомедович
Абдулжафаров Джафар Магомедалиевич
Абдурахманов Хизри Нурмагомедович
Абдурахманов Муса Магомедалиевич
Абулмуслимова Айшат Магомедзагидовна
Алибегов Абдула Магомедович
Алигаджиев Хизри Магомедович
Алиев Сайгид Ахмедович
Алиева Айшат Шейхисламова
Аминов Чупан Нурмагомедович
Амирасулов Муртазали Гаджиевич
Асадулаева Ума Сурхаевна
Ахмедов Рашид Юсупович
Ахмедханов Джамалудин Ахмедханович
Гаджиев Лабазан Магомедович
Газимагомедов Магомедсайгид Магомедович
Газимагомедов Шамиль Гаджимагомедович
Гасанов Магомедтагир Магомедалиевич
Джамалудинов Магомед Гитинмагомедович
Джамалудинова Зухра Абдулазизовна
Дибирмагомедова Мадина Омардибировна
Загидов Гаджимурад Магомедович
Ижаруков Арсен Магомедович
Имангазалиев Сагло Магомедович
Исмаилов Шамиль Магомедович
Исаев Абас Абдулаевич
Иманшапиев Магомед Гамзатович
Исхакова Сидрат Джалалудиновна
Казиева Патимат Магомедовна
Кадиев Магомед Кадигаджиевич
Камилов Магомед Газимагомедович
Касумова Лайла Магомедовна
Курамагомедов Жамалудин Магомедович
Кутбудинова Гулишат Магомедсайгидовна
Магомаев Магомед Абдулгаджиевич
Магомаев Магомед Абдулаевич
Магомедбегов Руслан Магомедбегович
Магомедов Газимагомед Гамзатович
Магомедов Ражбадин Ахмедович
Магомедов Муслим Хаскилович
Магомедов Махач Абдурашидович
Магомедов Шамиль Магомедсултанович
Магомедов Шамиль Шамсудинович
Магомедов Гусен Гамзатович
Магомедов Абдулвали Магомедович
Магомедов Абдула Багаудинович
Магомедов Омар Магомедгазиевич
Магомедова Айзанат Урдашмагомедовна
Магомедова Диана Нурмагомедовна
Магомедова Патимат Адалаевна
Магомедсайгидова Патиматзагра Набигулаевна
Мирзаев Магомед Мирзаевич
Мусалгаджиев Магомед Камилович
Мусаев Арсен Абдулаевич
Мусаев Мугума Алиевич
Мусаев Осман Абдулаевич
Набигулаев Запир Магомедгаджиевич
Нажмудинов Сайпула Гасанович
Нурмагомедов Нурмагомед Годжоевич
Нуцалханов Абдула Абдулмеджидович
Пахрудинова Майсарат Магомедовна
Расулгаджиев Магомед Нурмагомедович
Сайпулаева Лебалай Магомедовна
Султанов Абдулжалил Магомедгаджиевич
Хайбулаев Магомед Саидбегович
Халидова Рашидат Магомедовна
Хасбулатова Патимат Хасбулатовна
Юсупов Гаджимурад Юсупович
Юсупов Шамиль Магомедович

## Порядок выбора поликлиники и прикрепления к ней

В соответствии с Федеральным законом «Об обязательном медицинском страховании в Российской Федерации» застрахованные лица имеют право на выбор медицинской организации из числа участвующих в реализации территориальной программы ОМС, не чаще одного раза в год.

Для реализации права на выбор амбулаторно-поликлинического учреждения необходимо выбрать поликлинику по территориальному принципу (место жительства должно находиться на территории, прикрепленной к поликлинике), регистрация по месту жительства не может ограничивать право застрахованного лица на выбор медицинской организации. Каждый пациент имеет право прикрепится и получать медицинскую помощь там, где ему удобнее.

Территориально-участковый принцип выбора поликлиники является приоритетным по причине того, что в случае Вашей болезни участковый врач должен иметь возможность лечить Вас на дому.

Обращаем Ваше внимание, что, если Вы не проживаете на территории обслуживания поликлиники, то Ваше прикрепление к поликлинике допустимо только при условии наличия возможности полноценного медицинского обслуживания на дому, с учётом согласия врача и количества прикрепленного к поликлинике населения.

При выборе поликлиники ознакомьтесь с перечнем врачей-терапевтов, врачей-терапевтов участковых, врачей-педиатров, врачей-педиатров участковых, врачей общей практики (семейных врачей) или фельдшеров; количеством граждан, выбравших указанных медицинских работников; сведениями о территориях обслуживания (врачебных участках) указанных медицинских работников при оказании ими медицинской помощи на дому; отзывами пациентов и т.д.

Чтобы прикрепиться к поликлинике, нужно подать в медицинскую организацию на имя главного врача заявление.

Прикрепится можно только к одной медицинской организации. В случае, если Вы меняете поликлинику, то Вам не нужно открепляться от предыдущей, выбранная Вами поликлиника сама запросит Вашу медицинскую документацию.

Информацию об амбулаторном-поликлиническом учреждении, к которому вы прикреплены, а также о территориальном участке, Вы можете получить у своего страхового представителя.

Если вы считаете, что Ваши права на получение бесплатной медицинской помощи нарушены, Вы сможете обратится к страховому представителю и получить соответствующую консультацию, позвонив на горячую линию страховой компании, выдавший полис ОМС.

**Главный офис филиала АО «МАКС-М» тел. 8-8722-67-05-27.**
**Единый «контакт центр» в сфере ОМС тел. 8-800-22-22-90.**
**Буйнакский филиал ФОМС тел. 8-87237-2-92-27.**

**Буйнакский филиал ТФОМС.**

## Угарный газ - опасность

Уважаемые граждане, каждый год в Российской Федерации в период отопительного сезона наблюдается рост числа отравлений угарным газом. Наша Республика не исключение и к сожалению с большим числом тяжело пострадавших.

**Поэтому необходимо это знать.**

Помните что, распространенным опасным химическим соединением является угарный газ (оксид углерода).

Угарный газ бесцветный газ без запаха, без вкуса. Угарный газ образуется при неполном сгорании газа вследствие плохого доступа кислорода. Наиболее вероятно встречается при использовании газовых колонок с открытой камерой сгорания.

**Признаки и симптомы**

Отравление угарным газом крайне опасно и может привести к смерти! О присутствии газа нельзя узнать, а для отравления достаточно небольшого его количества. Человек не осознает, что дышит отравляющим газом, не принимает мер, и это часто приводит к летальному исходу. При содержании 0,08 % CO во вдыхаемом воздухе человек чувствует головную боль и удушье. При повышении концентрации CO до 0,32 % возникает паралич и потеря сознания (смерть наступает через 30 минут). При концентрации выше 1,2 % сознание теряется после двух—трёх вдохов, человек умирает менее чем через 3 минуты.

**Защита от угарного газа**

Угарный газ практически не поглощается активированным углём обычных фильтрующих противогазов или самоспасателей, не имеющих специальные катализаторы. Поэтому для защиты от него применяются: индивидуальные дыхательные аппараты изолирующего типа (ИДА ИТ), гопкалитовые патроны, универсальные фильтрующие самоспасатели, содержащие специальные катализаторы, которые способствуют окислению CO в $CO_2$, т.е. окисляют угарный газ в не токсичный углекислый газ.

Универсальные фильтрующие самоспасатели, имеют широкий спектр защиты. Они обеспечивают защиту от всех видов продуктов горения, а также от таких опасных химических веществ как аммиак, хлор, циклогексан, фосген и т.д.

**Алгоритм оказания неотложной помощи в очаге поражения**

Самый главный способ защиты – не пользоваться газовыми приборами, установленными и эксплатирующиеся с техническими нарушениями. К техническим нарушениям относятся отсутствие установочной площадки перед входом в вентиляционный канал, не герметичное состояние вытяжной трубы, использование технических деталей вместе газового водопроводного оборудования.

**ПОМНИТЕ ГРАЖДАНЕ !**

**Работы по установке газового оборудования должны выполнять специалисты**

# АхIулгохI - нилъер бухIи ва чIухIи

I7 августалда пачаясул аскараз байбихьула лъабго колона гьабун иргадулаб гьужумалде. Гьелдаса хадуб АхIулгохI цIунулезул хIал тIадеги захIмалъула. ГохIил рагIалда ругел хандакъал тушманас рахъула. Амма мюридал къуркъуларо.

Мюридазда хьолбохъ чIун бахIарчилъиялда рагъулел рукIана гIешдерил руччабиги. ЧIварав росасул ярагъ лъадуца, вацасул яццалъ босулаан ва кIудияб таваккалгун рагъулъе журалаан. ГIешдерил руччабазул бахIарчилъи бихьидал, жалго тушбабигицин хIайранлъулаан. ГIурусазул историкас гьезул хIакъалъулъ гьадин хъвалеб буго: «руччабиги лъималги хунжрулгун, ганчIалгун тункIил хучдузде тIаде кIанцIулел рукIана, улбуз жидерго лъимал кверaз гъанкъун кIкIалахъе рехулел рукIана, гIурусазухъе щолaредухъ»,-абун. Живго Шамилида цо нухалъ гуро ракIалде щвараб гIешдерилруччабазул бахIарчилъи. Ахирияб рагъул къоялъ Гъуниб магIарда тушманасухъе кверде ине ккедалгьес абун буго: «Жакъа 50 ГIашилтIаса чIужугIаданийкIараяни, иш батIияса ккезе букIана»,-ян.

I8 августалда полковник Пуллоца Шамил ракълил хабаралде дандчIвазе ахIула. I9 августалда гIешдерил кIиябго лъарал журалел бакIалде, кIудияб ганчIида аскIор дандчIвала имам Шамилги Пуллоги. Гьеб дандчIваялда вукIарав Пулло цIунулезулцоясхъвалеб буго: «имамасда сверун чIун рукIана гIолохъанал, жеги михьида хIур чIвачIел, сахал гIолохъаби»,-абун. Гьединги имамасул гIакълудал кIодолъи бихьуларищ, тушманасда жиндирго мюридзабазул хIал лъазе теларедухъ (гьел гIемерисел лъукъун, ракъун, къечон рукIиндал) гьес цадахъ рачун руго бихьиназул ретIелги ретIун гIолохъанал ясал. Гьеб хIужаялъги бихьизабулеб буго Шамилил гIешдерил руччабазде бук1араб мугъчIвай. КIудияб ганчIида аскIоб букIараб гара-чIвариялдаса хадуб Шамилица жиндирго микьго сон барав вас Жамалудин аманаталъе кьезе ккола.

Ахирисеб гьужум пачаясул аскараз байбихьула 2I августалда. Жидеего цIикIкIараб ками ккеялъухъ балагьичIого гьел гохIде рахуна ва АхIулгохIда байбихьула кверзул, зарул рагъ. Гьел ахирисел къояз имам чанги сверула гохIда, тIаде балеб, речIчIулел гулбузда гьоркь. Гьес Аллагьасда гьарулеб букIана жив духъе вачейилан. Амма Шамил гуллица во-суларо. 29 августалде щвезегIан рагъула гохI цIунарал. ГохI цIунулезда гьоркьор рукIана гIемер батIи-батIиял бакIаздаса мюридзаби. Гьездаго гьоркьор бахIарчиго рагъана ГIашилтIаса Дарбишилав, КаримухIамадгIали, НургIали, Нуцалай, Узу, Ханзадай ва гIемерал цогидалги. Шамилие камуна бищунго цересел чагIи: лъади Жавгьарат, вас СагIид, яц ПатIимат.

22 августалда кIудиял рагъал ккола КIудияб мажгиталда сверухъ. Гьений ягъулей йикIана ПатIиматги. Пачаясулазда лъала гьений ягъулей Шамилил яцIийкIин ва имам кодове щвечIолъиялдаса ццидалъругел тушбабаз хIаракат бахъулеб букIана гьей чIаго кверде йосизе. ГIурусазул къасд бихьарал мюридзаби ПатIиматиде цере кIанцIун рагъизе лъугьуна. Гьедин рагъулаго гьел кьурул рагIалде щола. Мюридзабиги гъурун, жийго хутIарай ПатIимат кьурул рагIалдеги къан, бадибе кIазги бачун, ГIанди гIурулъе кIанцIула. Гьебго къоялъ Шамил 30 мюридгун АхIулгохIдаса Нух гьечIеб гохIдеги рахун, гьенисан гIурухъеги лъугьун, цадахъ щуго сон барав вас ГъазимухIамадгун Салаватиялдасан Чачаналдехун уна жеги 20 соналъ Кавказалъул эркенлъиялъе гIоло рагъуе бетIерлъи гьабизе. АхIулгохI толеб къоялъ имамас абун буго:

**Баркала гIешдерил гохIал,**
**ГохIал цIурал гъазизаби,**
**Баркала гIешдерил ракь,**
**Имамасул Истамбул!**

Жеги 29 августалде щвезегIан къотIичIо гохIда кьвагьа-гIанхъи. Жидеда дагьабниги канлъи бихьулел мюридзаби рукIана нохъазда рахчун тушманас де кьвагьдолел.

Рагъул кIудияб захIмат ва гIадамазул камиял тIаде ккола гIешдерил жамагIаталде. Росу тIубанго бих- хун, ахал-хурзал чIунтун, лъугIун рукIана. Рагъ байбихьилалде 500 цIараки букIараб росулъ рагъдаса хадуб анкьго рукъалъул тIаладухъан гурони кIкIуй баккуларон. ГIемерисел гохIда чIвана, хвана, чIаго хутIарал Россиялде, Сибиралде рачун ана.

Ахирияб заманалда жиб-жиб соналъ ИмаматалъултIоцебесеб тахшагьар ГIашилтIа росулъ тIоритIула АхIулгохIда рагъарал, чIварал ракIалде щвеялъул мажлис-данделъаби. ТIоцебе гьелъие кьучI лъурав, жиндир мунагьал чураяв ХIамзатов ГIумарие (I994 соналъул 4 июнь) ракI-ракIалъулаб баркала кьола гIешдерил жамагIаталъ.

Халид МУХIАМАДОВ

ДАССР гIуцIаралдаса 100 сон

# *Москвалда кечI ахIарай*

Гьеб букIана некIого. Росулъ бугеб лъел къулгIаялъе рогIоро гьабизе гьерекIдерил гIолохъабаз рихьундерил магIарда рохьоса къотIараб кIудияб гьветI баччун бачIунеб букIана. Свакалъ тату хварал ва къо бихьарал гIолохъаби гьерекIдерил «Эхелалъул ахада»,-абураб бакIалда щун рукIана.

-ГIайшатил кочIол бакъаналъул цо гьаракь рагIани, кигIандай нилъер къуватги жанги цIикIкIине букIараб,-ян махсародего абуна гIолохъабазда гьоркьоса цояс.

-Свакги чучун ун, черхалъе тIадагьлъи лъугьинарищха,-ян тIад рекъезабуна цогиясги.

ГIолохъабазда гьоркьоса росулъе чиги витIун, Чакарил ГIайшат жидехъего ахIун ячIана.

-Биччай, ГIайшат, свакарал гIолохъабазе цо бакъан, магIарулазе пандурги кечIги хирияб бугелъул.

Ва, цинги «Эхелалъул ахада» цо борхатаб бакIалдеги яхун, ГIайшатица ахIана хIасратаб, щивасул рекIелъе бигьаго бортун унеб панаяб кечI. Лъаларо, ургьиб гьелегьулеб рокьулищ, яги эркенлъи цIунулаго кьалда хваразул хIакъалъулъищ кечI букIарабали. Абула ГIайшатил кочIол гьаракьалъ гьерекIдерил жаниблъи тIад босизабун букIанилан. ГIолохъабаз абуни хапуралъ босун, щибго захIмалъичIеб киниги, доб гучаб гьветI ГIайшатида цебе лъун буго. Гьединаб кутак букIун буго ГIайшатил кочIол. ГIадада абун батиларо кечIалъ гIадамасда куркьбал гьолилан…

НекIо магIарулазе машгьурай йикIарай гьей гьайбатай кочIохъаналъул хIакъалъулъ цIакъго дагь гурони лъазе кIолеб гьечIо. Лъалеб гьечIо гьелъул къисматалъул хIакъалъулъги.

Биценалда рекъон Чакарил ГIайшатие бечедал гIадамал рокьуларел рукIун руго. Гьей жийго мискинаб хъизаналда гIурай йикIун йиго.

ЦохIо кечI ахIизе гуребги, ГIайшатил махщел букIана кучIдул гьаризеги, бакъанал ургьизеги. Гьанже магIарулазда гьоркьор гIатIидго машгьурал руго ГьаракIуниса ГIайшатил кучIдулги бакъналги. ГIелалъ гIелалъухъе кьолаго нилъер кочIохъабаз церехун росун рачIунел руго гьел.

…I929 сон. ТIолабго Советияб халкъалъ кIодо гьабулеб букIана КIудияб Октябралъул инкъилаб бер-гьаралдаса I2 сон тIубай. Гьеб соналъ Москвалде ахIун букIана Дагъистаналдаса художественнияб хIаракатчилъиялъул коллектив. Машгьурал кочIохъаби Татам Мурадовагун, ГIарашил ГIумаргун, КIогьориса ПатIимат Нуцаловагун Москвалде ана ГьаракIуниса Чакарил ГIайшатги. Москвалъул Коллонабазул залалда багьулеб букIана магIарул булбулалъул роцIараб гьаракь. Жийго ГIайшатил твоческияб гIумроялъулъ гьеб букIана кIудияб лъугьа-бахьин.

ГIумроялъул ахирисел къоязде щвезегIан ГIайшатица кочIол бакъан къотIизе течIо. Гьелъ кечI ахIана эркенаб ва талихIаб гIумро беццун, гьеб кечI абуни жакъаги чIаго буго.

Пикру гьабизе бачIуна дол соназда Москвалда ГIайшатил кечI пластинкаялда хъван букIинчIодай,-абун. Централияб радиоялъул архивалда цIунун хутIун гьечIодай гьеб фонотека? Гьелъул жеги лъицаго тIалаб гьабун гьечIелъул. ЦIунун ругелъул ГIайшатил заманаялда йикIарай ГI. Нуцаловалъул кучIдул. КигIан лъикI букIинаан ГIайшатил гьаракь рагIизе.

Гьале цоги ГьаракIуниса ГIайшатил хIакъалъулъ тIаде лъараб жо. Машгьурав тарихчи Булач ХIажиевас I995 соналда къватIибе биччараб жиндирго «Дагъистаналъул зобалазда гьоркь» абураб тIехьалда магIарулазул улкаялъул берцинал ясазул хIакъалъулъ бицунеб рубрикаялда гьоркь бахъун буго ГIайшатил хIакъалъулъги. Гьес хъвалеб буго:

«I968 соналда дун дандчIвана ГьаракIуниса ГIайшатил яс ПатIимат Асилдеровагун ва гьелъ гьадин бицана: «Дир эбелалъул тIоцевесев рос вукIана Асилдер. Гьесдасан гьелъие кIиго лъимерги гьабун букIана, амма гьел цудунго хвана. Лъабабилеб лъимер йикIана дун. Дир эмен Асилдергун эбел ятIалъана дица кIиго сон бараб мехалда.

Йорхатай, жаниб цIураб къаркъалаялъул, роцIараб гьумералъул эбел цее чIола дида. ТIину гьечIеб иццул хIор гIадал гъваридал рукIана гьелъул берал. Пайда щиб элъул сурат нахъе цIунун гьечIелъул, нужедаго бихьилаан гьелъул берцинлъи. Таваккалай йикIана гьей. Даимго чIегIераб ретIел ретIунаан гьелъ. Гьумер бахчуларoан. АхIулаан жинцаго гьарурал кучIдул. Лъаларо кигIанисеб къадаралда гьеб битIараб бугебали, бицен буго НикIолайил ханлъиялъул заманаялда Москваялде ячун унаанила кечI ахIизе ва гьениса тIад юссун ячIунаго гIемераб сайгъат-саламги цадахъ босун бачIунаанилан. Цо нухалда чугицин бачIун буго гьелъие сайгъат гьабун. Гьеб заманалда дун инсуда аскIой Жунгуталдла йикIана. Эбелалъул кIиабилев росасда цIар букIана ЖахIбар. ГьаракIуни гьесул тукенги гьобоги букIана. Кидаго гьесул рокъобги гьабихъги кочIол бакъан къотIуларoан. ГIенеккизе бокьаразе нуцIби рагьарал рукIана. Революциялдаса хадуб заманалда ЖахIбар нухазда хIалтIулев вукIана, хвезегIан пенсияги щолаан гьесие.

I927 соналда ГьаракIуниве вачIун вукIана композитор Готфрид ХIасанов ва художница Екатерина Львоваги. ХIасановас чуязда лъун цадахъ росун рачIун рукIана монография ва хIедул дискал жанир лъурал ящикал. Гьеб мехалда ХIасановас гьелъул кучIдул хъван рукIун руго. ХIасановасда цадахъ тилмачIлъун вукIарав СагIаду НурмухIамадовас ракIалде щвезабулаан, гIумроялъул 60 сон бугей гIадан йикIаниги, ГIайшат ГIалиева роцIараб ва бацIадаб гьаракьалдалъул кечI ахIулей гIадан йикIанилан.

М. САГIАДУЛАЕВ

**ЛЪАЗАБИ**

2009 соналда ЦIатIанихъ СОШалъ МухIамадханов Карим МухIамадхановичасул цIаралда кьураб, № АА 0075I82 бугеб аттестат билун буго. Гьанжеялдаса гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна

Районалъул «Ахихъан» газеталъул ва информационнияб отделалъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго СЮТалъул хIалтIухъан ГIабдулаев Шамилида, эбел Гулишатида къокъидго унтиги чIван эмен

**ГIабдула**

Аллагьасул къадаралде щвеяла бан. Аллагьас гьесие алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе сабруги кьеги.

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА
САНИЯТ
КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 1. 9. 2021 г. 17.00
фактически -18. 00 мин.

Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.